

3 mas 2020

Chè fanmi,

Pandan wikenn lan, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) Vil Nouyòk te konfime premye ka nouvo viris coronavirus (COVID-19) la nan Vil Nouyòk. Byenke nou tout te espere pou moman sa a pa t rive sou nou, se yon bagay Vil la te byen prepare pou li. Nan nivo nou ye a, li enpòtan pou tande bonjan enfòmasyon an epi pou pa aji dapre laperèz. Malgre yo konfime nou gen yon premye ka, moun k ap viv Nouyòk pa gen gwo risk pou pran viris la.

Sante ak sekirite tout elèv Vil Nouyòk kontinye rete pi gwo priyorite nou. Pandan n ap suiv sitiyasyon an, n ap amelyore kèk pwotokòl epi founi resous anplis pou lekòl ki nan bilding nou yo, ladan lekòl charter, tankou ba yo ajan netwayaj CDC apwouve ak asire tout twalèt toujou genyen savon ak sèvyèt an papye. N ap mete tou tout dènye enfòmasyon yo sou sitwèb nou an nan schools.nyc.gov/coronavirus.

N ap fè w sonje, li enpòtan pou tout moun k ap viv Nouyòk kontinye pratike mezi prevansyon jeneral kont enfeksyon ak viris tankou:

- Kouvri bouch ou ak nen w avèk yon mouchwa an papye oswa manch rad ou
- Lave men w regilyèman
- Evite manyen figi w
- Evite gen kontak depre avèk moun ki malad
- Pran vaksen kont grip (flu shot) – li pa janm twò ta
- Rete lakay ou si w santi w pa pote w byen Rele doktè w epi fè l konnen sentòm ou genyen ak ki kote ou te vwayaje.

Nou an kominikasyon avèk lidè lekòl charter yo pou asire yo gen enfòmasyon ki tou nèf yo ak pou bay yo sipò pou nenpòt kesyon ki ta ka genyen.

Tanpri li [Fèy ki gen kesyon moun poze souvan \(Frequently Asked Questions sheet\)](#) (li ann anglè sèlman) nou mete avèk lèt sa a pou plis enfòmasyon, oswa ale sou nyc.gov/coronavirus nenpòt lè pou jwenn enfòmasyon ki enpòtan.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk